ЖЫНАЯТ ЖАЗАСЫЗ ҚАЛМАЙДЫ

# Қылмысларына жараса...

Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң жынаят қыдырыў басқармасы хызметкерлери тәрепинен жәмийетимизде жүз берип атырған жынаятлардың алдын алыў ҳәм өз ўақтында ашыўда бир қанша оператив жумыслар исленип атыр.

Жынаятларды тексергенимизде пуқаралардың өз меншигинде үй ҳайўанларын жайлаўларға арқанлап қараўсыз қалдырыўы ҳәм айырым пуқаралардың қоңсылас республикаларға сәўда-сатық ислеў мақсетинде балаларын, үйлерин қараўсыз қалдырыўы, ямаса «зат әкелип беремен»—деген сылтаў менен ҳәр кимнен ақша алыўы, алдаўшылық жынаятының келип шығыўына себепши болып атыр.

Улыўма алғанда жынаятларды ашыўда жынаят қыдырыў басқармасы хызметкерлери қалалық, районлық ишки ислер бөлимлери менен бирге өткерилген шөлкемлестириў жумыслары нәтийжесинде көплеген жынаятшы топарлар қолға алынып, тергеў жумыслары жүргизилмекте.

Мысалы; Нөкис қаласы турғыны Еримбетов Марат (1964-жылы туўылған) басшылығындағы 7 адамнан ибарат жынаятшылар топары усланып оператив жумыслар нәтийжесинде олар тәрепинен 1997-жылдың 8 айы даўамында 24 жынаят исленгенлиги анықланды. Олар Хожели қаласы, Жипек жолы көшеси №7 жайда жасаўшы пуқара Хайтекова Жаңылға тийисли 29 дана Иран паласын, 37 метр гилем, 2 қалта конфетасын дәрўаза есигин бузып кирип урлаған. Ал 12-сентябрь күни Хожели қаласы, Ҳамза көшеси №5 жайдың есигин күшлеп ашып, улыўма баҳасы 1,5 миллион сўмлық автомобиль бөлекшелерин алып кеткен. Сондайақ, Нөкис қаласының Орақ балға, Саманбай поселкалары ҳәм Кебир аўылдан Икарус, МАЗ автомашиналарының 15 дана дөңгелегин урлаған.

1995—96-жылы Шымбай районында түнде бетине нықап кийип, кесилген аў мылтығы, асхана пышағы менен қуралланған усы районның турғыны Орақбаев Азамат Ережеповичтиң (1977-жылы туўылған) басшылығындағы 7 адамнан ибарат жынаятшылар топары пуқаралардың үйлерине бастырып кирип, тонап ҳәр қыйлы урлық ислеп жүргенде усланып қамаққа алынды. Олар усы районның «Водник» посёлкасында жасаўшы Дәўлетназарованың үйине түнде ҳаяллар шулығынан исленген нықап кийип, кесилген мылтық, балта, пышақ көрсетип балаларын бир жайға қамап, ақша, арақ ҳәм үй бийкесиниң қулағындағы алтын сырғасын алып кеткен.

Улыўма алғанда олар буннан басқа 4 рет тонаўшылық, 6 рет урлық жынаятларына қол урған. Ислеген қылмысларына жараса Азамат Орақбаевқа суд тәрепинен 18 жыл еркинен айрылыўға ҳүким шығарылды. Ал, шериклери Баҳадыр Сийпатдинов, Жамғырбай Палўанниязов ҳәр қыйлы жылларға еркинен айырыў жазасына ҳүким шығарылып, тийисли болған малмүлклери мәмлекет пайдасына өткерилди.

Ата-бабамыздың «Урлық түби қорлық»—дегениндей ҳәр бир исленген жынаят қашан болса да ашылып, жазасын алатуғынын және бир мәрте ескертким келеди.

Өз гезегинде усындай жынаятларды ашыўда аянбай хызмет етип атырған кәсиплеслеримди 10-ноябрь милиция хызметкерлери күни мүнәсибети менен қутлықлап, олардың шаңарақларына аманлық тилеп, машақатлы, соның менен бирге әдиўли жумысларында тасқын табыслар бола бериўине тилеклеспен.

**М Х. АБДУЛЛАЕВ,**

**Қ Р ИИМ жынаят қыдырыў басқармасының басқыншылық ҳәм тонаўшылыққа қарсы гүресиў бөлими баслығы, милиция майоры.**

## ХАЛҚЫМЫЗДЫҢ ТЫНЫШЛЫҒЫ ЖОЛЫНДА

Нөкис қалалық ишки ислер бөлимине қараслы патруль-пост хызмети ротасы (ППХ) хызметкерлери инсан мәплерин итибарға алып ҳәм Президентимиздиң Жиззақ, Сырдәрья, Бухара, Наманган ҳәм Қарақалпақстан Республикасы халық депутатлары сессияларындағы ишки ислер уйымлары хызметкерлериниң алдында турған ўазыйпалары ҳаққындағы билдирген пикирлеринен тийисли жуўмақ шығарып өз хызмет ўазыйпаларын атқарып атыр.

Бизиң бүгинги күндеги баслы мақсетлеримиздиң бири бул — халық тынышлығын, абадан өмир сүриўин тәмийинлеў болып табылады. Соның ушын да биз турмысымызда ҳәр қандай унамсыз ҳәрекетлерди болдырмай, олардың алдын алып, ҳуқық бузарларға жол бермеўимиз тийис.

Хызметкерлеримиз халқымыздың тынышлығын, абаданлығын тәмийинлеўде, жәмийетлик орынларда ҳәм көшелерде жынаятшылыққа қарсы гүресип, жүз берген жынаятты өз ўақтында ашыўда, айыпкерлерди анықлап, оларға нызамға муўапық шара көриўге жуўапкершиликти сезип, өз ўазыйпаларын инабатлы орынлаўға ериспекте. Деген менен жәмийетшилик орынларда тәртип бузыўшылық, майда бийзарлық уқсаған нәрселердиң айтарлықтай дәрежеде азайып атырғанлығы бизден еле де болса көбирек қырағылықты талап етеди.

Патруль-пост хызмети ротасы хызметкерлери тәрепинен өткен жылдың 10 айы ишинде 97 жынаят ашылған болса, быйыл усы дәўир ишинде 101 жынаят ашылды.

Хызметкерлеримиз тәрепинен исленген жумыслардың дәлийли ретинде мысаллар келтирип өтейик.

Усы жыл, 4-октябрь күни белгисиз адамлар тәрепинен пайтахтымыздағы «Ветеран» дүканынан салмағы 107 кг болған азық-аўқат өними урланған еди, ППХ ротасы хызметкерлери Б. Хожабаев, А. Реймов, А. Жанназаров ҳәм Қ. Омаровлардың оператив қыдырыўы нәтийжесинде уры анықланып, тергеў жумыслары алып барылмақта.

Усы жыл, 21 октябрь күни пайтахтымыздағы орайлық базарда Нөкис қаласы турғыны Анвар Ибрагимов, Раметов Даўлеттиң қалтасынан 10.000 сўм ақшасын урлап баратырғанында усланып, иркиўге алынды.

Буннан басқа алып жүриў, егиў, қабыллаў, сатыў қадаған етилген наркотик зат болған бәң менен де иркиўге алынып атырғанлар ушыраспақта.

Жоқарыдағы атап өтилген мысаллардан көплеп келтире бериўге болады.

Биз жынаятты ашыўдан гөре оның алдын алсақ көп нәрсе утатуғынымызға гүман жоқ. Ҳүкиметимиз басшыларының алдымызға қойған көрсетпелерин орынлай отырып, Нөкис қалалық ишки ислер бөлимине қараслы ППХ ротасы хызметкерлери өзлерининң алдағы ўазыйпаларын қырағылық пенен алып бара береди.

Мен Республикамыздың барлық милиция хызметкерлерин өзлериниң кәсиплик байрамы менен қутлықлап, олардың машақатлы хызметлеринде табыслар тилеймен.

**Ө. ҚОСБЕРГЕНОВ,**

**Нөкис қалалық ишки ислер бөлимине қараслы патруль-пост хызмети ротасы сәркардасы, милиция майоры.**

БАЙРАМ АЛДЫНАН

# Жеңимпазлар анықланды

Жақында Нөкистеги Республикалық бокс залында Милиция күни алдынан Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги хызметкерлери арасында қолма-қол айқасыў гүреси бойынша биринш илик болып өтти. Жарысқа республикамыздың район ҳәм қалаларынан, милиция уйымларынан 18 команда қатнасты. Жарысты министрдиң орынбасары, ишки хызмет подполковниги Мақсет Бабаниязов ашты. Жарыс қатнасыўшыларын Республика спорт комитети баслығы Айтниязов қутлықлады. Жарысқа Республикамызда белгили судьялар төрешилик етти. Жарыс кескин гүрес жағдайында өтти.

Жарыста министрликтиң жанындағы оқыў орайының командасы биринши ликти ийелеп, жаңадан хызметке алынып атырған жаслардың күшли спортшылар екенлигин көрсетти. Командалық есапта екинши орынды қорғаў бөлиминиң, үшинши орынды №9—Тергеў қамақханасының командалары ийеледи. Жарыстың ярым финаллық ҳәм финаллық ойынлары кескин түрде, оғада қызықлы болып өтти.

Жеке биринш иликте ҳәр бири сегиз мәрте жеңиске ерискен қолма-қол айқас гүреси шеберлеринен; 65 кг салмақта министрликтиң Оқыў орайы курсанты Кеўлимжай Маликов, 70 кг салмақта қорғаў бөлиминен милиция старшинасы Дамир Сейтов, 75 кг салмақта Оқыў орайынан аға сержанты Қундыз Бекполатов, 80 кг салмақта Оқыў орайынан Бахтияр Юсупов, 85 кг салмақта Қоңырат районлық ишки ислер бөлиминен милиция сержанты Оразбай Шерипов, ал 85 кг аўыр салмақта №9 тергеў қамақханасының хызметкери Абат Реймов биринши орынды жеңип алды.

Жеңимпазлар ҳәм 2-орынды ийелеген спортшылар Абай Ерекешов, Мурат Ерниязов, Рахат Сарыбаев, Баҳадыр Сарыбаев, Абулқайыр Ембергенов, Бекмурат Қаниязовлар «Динамо» спорт жәмийетиниң дипломлары менен ҳәм ақшалай сыйлықланды.

**Ж. ӨТЕНИЯЗОВ.**

# МЕНИҢ МИЛИЦИЯМ—МЕНИ ҚОРҒАЙДЫ



Сүўретте; курсантлар музейде.

## Кәсиплеслерин қутлықлап

Республикамызда милиция хызметкелериниң ис тәжирийбесин еле де арттырыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Ишки Ислер Министрлиги жанынан Оқыў орайы шөлкемлестирилди. Бул оқыў орайы ғәрезсизлик шарапаты менен Қарақалпақстан Республикасында биринши рет 1993-жылы ашылған еди. Мен де 1997 жылдың сентябрь айынан баслап усы оқыў орайында оқып атырман.

Бизиң оқыўымыз ушын ҳәмме шараятлар жаратылған. Сонлықтан бос ўақытларымызда оқыў барысында алған билимлеримиз арқалы қаламыздағы жәмийетлик тәртипти сақлаў бойынша тәжирийбе арттырамыз.

Оқыў орайы еле де үлкейип жоқары мағлыўматлы қәнигелерди таярлайтуғын оқыў орнына айланса милиция хызметкерлери ушын еле де жақсырақ болар еди.

Сөзимниң жуўмағында өз кәсиплеслеримди 10 ноябрь милиция хызметкерлери күни менен қутлықлап, олардың шаңарақларына аманлық, өзлерине ден-саўлық, алдағы машақатлы хызметлеринде табыслар тилеп қаламан.

**Бахтияр АЙЫМБЕТОВ.**

Мен, Қарақаллпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги жанындағы Оқыў орайында 1997-жылдың сентябрь айынан баслап оқып атырман. Бул жерде оқыў мүддети үш ай даўам етеди. Тийкарғы үйренетуғын пәнлеримиз криминалистика, юридикалық, сиясий таярлық пенен қатар, жәмийетлик тәртипти сақлаў бойынша милиция хызметкерлериниң тактикалық ҳәрекетлерин үйренемиз. Оқыўларымыз жақсы.

Бул жерде оқыўшылар ушын қолайлықлар туўдырылған. Оқыўшылар ушын асхана, спорт майданшасы, жатақханалар ислеп тур. Еки мезгил ыссы аўқат бериледи. Мениң өзимниң саўатым жоқары мағлыўматлы. Бул оқыў менен тоқтап қаламан деген нийетте емеспен, келешекте милиция Академиясына тапсырып оқыйман, деген нийетим бар.

Улыўма халқымның тынышлығын сақлаўда, жынаятшылық пенен қарсы гүресиўде өзимниң бар күшимди аямай, халқым ушын хызмет етемен.

Республикамыздың барлық милиция хызметкерлерин өзлериниң кәсиплик байрамы менен қутлықлап, халқымыз тынышлығы жолында ислеп атырған хызметлеринде табыслар тилеймен.

**Бахтияр УТЕПОВ.**

**АБОНЕМЕНТНИ ТЎҒРИ ТЎЛДИРГАНИНГИЗНИ ТЕКШИРИНГ!**

**Абонементда касса машинасининг муҳри босилган бўлиши шарт.**

**Обуна ёки манзилгоҳни ўзгартиришни расмийлаштирганингизда касса машинаси бўлмаса, ушбу алоқа бўлимининг календарли штемпели босилиши керак.**

**Бу ҳолда обуначига, обунага ёки янги манзилгоҳга ўтказилганига пул тўланганлиги тўғрисида квитанция берилади.**

**Газета ва журналга обуна бўлганингизда ёки манзилгоҳ ўзгаришини расмийлаштирганингизда карточкаларни сиёҳ билан, аниқ ва сўзларни қисқартирмасдан жадвалдаги қоидаларга риоя қилиб тўлдиринг.**

# НӘЎБЕТШИ ХАЛМЕНОВ



Ишки ислер уйымларында оператив нәўбетши ең жуўапкерли хызметлердиң бири. Нәўбетши ҳәр бир жүз берген ҳәдийсе, келген хабар бойынша оперативлик топардың жумыс алып барыўын жедел орынлап, жынаяттың ашылыўы ушын ҳәрекет етеди. Ол ең биринши мәрте илаж қолланып, ықтыятлылық шараларын көреди. Ҳәр бир районлық, қалалық ишки ислер бөлимлериниң оператив нәўбетшилери ҳәр бир жынайы исти Ишки ислер министрлигиниң нәўбетшисине жедел хабарлайды. Ал бул нәўбетши өз гезегинде жынаятты ашыў бойынша республика көлеминде ҳәрекет етеди ҳәм тийисли көрсетпелер берип, жумыс барысын қадағалап отырады.

Милиция майоры Халменов Алламберген Реймбаевич ишки ислер министрлигиниң нәўбетши бөлиминде аға оператив нәўбетши болып 19 жылдан берли бир лаўазымда минсиз хызмет атқармақта. Өзиниң ўазыйпасына жуўапкершилик пенен қарап, нәўбетшиликти қабыллаўға таярлықлар менен келетуғын Алламберген «Милиция айрықшасы», «Минсиз хызметлери ушын» медаллары менен сыйлықланған үлгили хызметкер.

Алламберген 1971 жылы Нөкис педагогикалық институтының математика факультетине оқыўға кирип, 1975 жылы табыслы тамамлады. Ол оқыўға ҳәм жәмийетлик жумысларға белсене қатнасқаны ушын 1973 жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Советиниң «Ҳүрмет жарлығы» менен сыйлықланды.

Милиция майоры А. Халменов искерлиги, пухталығы, кишипейиллиги менен өзгелерден айырылып турады. Ол 1976—78 жылларда армия қатарында хызмет етиў дәўиринде ишки әскерлер бөлиминде хызмет етти ҳәм милицияда ислеўге қызығыўшылығы оянды. Ол 1978 жылдың май айынан баслап Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң нәўбетши бөлиминде, ал оның өмирлик жолдасы милиция старшинасы Галя Палымбетова мәмлекетлик автоинспекция бөлиминиң нәўбетшиси болып хызмет етпекте. Бул милиционерлер шаңарағы 10-ноябрь күни үш байрамды белгилейди. Биринщиден милицияның дүзилген күни, екинщиден Алламбергенниң туўылған күни, үшинщиден өзлериниң шаңарақ қурған күни.

Оператив нәўбетши милиция майоры Халменовтың шаңарағын бул кәсиплик байрамы менен қутлықлаймыз. Оларға беккем ден саўлық шаңарағына бахыт ийгиликли хызметлеринде табыслар тилеймиз.

**Ж. ӨТЕНИЯЗОВ.**

**ҚР ИИМ баспа сөз хызмети аға инспекторы.**

## ЁШЛАР — КЕЛАЖАГИМИЗ

Бугунги кунда юртбошимиз томонидан ҳуқуқий тарбия, ҳуқуқий маърифат ва ҳуқуқий маданият каби иборалар тез-тез тилга олиниб, бу масалага катта эътибор берилаётгани бежиз эмас. Биз ҳуқуқий давлат қуриш сари интилаётган эканмиз, бундай давлатнинг одамлари аввало ўз конституцион ҳуқуқ-бурчларини, амалдаги мавжуд қонунчиликни яхши англамоғи лозим эканлигини унутмаслигимиз керак. Бу ҳақда Президентимиз шу йилнинг 20 май куни прокуратура ва суд ходимлари, оммавий ахборот воситалари вакиллари билан бўлган учрашувида ҳам алоҳида жонкуярлик билан таъкидлаб ўтган эди.

Бозор муносабатларига ўтиш жараёни турмушимизнинг барча соҳалари каби таълим-тарбия масаласига ҳам ўз таъсирини ўтказмай қолмади. Бугунги кун ўқувчи-ёшлари бундан йигирма-ўттиз йил илгариги ўз тенгкурларидан кескин фарқ қилади.

Бугунги кун ўсмирлари ҳаётида пул, нарҳ-наво энг асосий эҳтиёжлардан бирига айланиб қолгани сир эмас.

Лекин барча даврларда ҳам инсоний жамият учун энг муҳим бўлган маънавият, инсоний-қиммат, одамгарчилик, меҳр-оқибат каби хислатларнинг бугунги кун ёшлари учун иккинчи даражали масалага айланиб қолгани ачинарлидир. Ҳозирги пайтда содир этилаётган жиноятларнинг кўпчилиги ҳам ёшлар томонидан қилинаётганининг ўзи бу фикримизнинг яққол далилидир.

Ҳозир кўпчилик ота-оналар ўз фарзандларининг ишбилармон бўлишини, асосийси пул топишни ўрганишни чин дилдан ишлаши бор гап. Бу истак кўпчилик ёшларнинг бозорга, олди-сотдига аралашиб кетишига кенг йўл очиб берди. Натижада 8—15 ёш атрофидаги ёшлар зиммасига оила тебратишдек маъсулият юкланиб қолмоқда. Табиийки, ҳали болағатга етмаган бундай ёшлар учун ўқиш, таълим олиш, замоннинг етук, билимдони бўлиб етилиши масаласи иккинчи даражали бўлиб қолди. Бу эса яхши аломат эмас.

Шунинг учун ҳам бугунги кунда юртбошимиз ташаббусси билан Республикамизда «Маърифат ва Маънавият марказлари тузилган бўлиб, бундай марказ тармоқлари жойларда фаолият кўрсатмоқда.

Биз ҳуқуқий давлат қуриш учун меҳнат қилар эканмиз, келажак тақдиримизни, тўғрироғи ёшларимиз тақдирини ҳар томонлама ўйлашимиз лозим. Чунки, бугун биз яратаётган янгиликлар, бунёдкорлик эртага шу ёшлар қўлига топширилади. Бугунги ёшлар эса бунга тайёр эмас.

Шу маънода биз-зиёлилар зиммасига катта маъсулият юклаган, у ҳам бўлса баркамол, ҳар томонлама етук ёш авлодни тарбиялаш ишидир.

Масалан, бизнинг касб-ҳунар лицейимизда мингдан зиёд ўқувчи ёшлар таълим олади. Бу—мингдан зиёд ўзига хос олам демакдир. Уларнинг ҳар бири таълим-тарбия бобида ўзига хос ёндошувни тақозо этади. Уларни ёшликдан бирон ҳунарнинг этагини тутушга ҳалол меҳнат билан нон топишига ундаш замоннинг ҳар томонлама етук ва баркамол кишиси қилиб етиштириш бизнинг асосий вазифамиздир.

«Ислоҳотлар ҳаётни, ҳаёт эса тафаккурни ўзгартиради». Юртбошимиз И. А. Каримовнинг бу гапларини етказа олсак, олдимизга қўйилган умуммақсад йўлида катта қадам қўйган бўламиз.

Қисқача қилиб айтганда ҳуқуқий давлат ворислари аввало ўз ҳақ-ҳуқуқларини тўғри онглаган, қонунчиликни яхши билган, ҳуқуқий маърифати ва маданияти юксак одамлар бўлмоғи керак.

**Қ. ЖУМАМУРОДОВ,**

**«Манғит» касб-ҳунар лицейи директори, Қорақалпоғистонда хизмат кўрсатган ёшлар мураббийси.**

**ПОЭЗИЯ**

## *Курсант оқып киятыр*

Абдулла, Бахыт, Баҳадыр,
Форма кийди жаңадан,
Сабақ алып устаздан,
Курсант оқып киятыр.

Устаз үйретер нызамды,
Нызамды билген пайдалы,
Келешектиң жас кадры,
Курсант оқып киятыр.

Машқыларды өтеди,
Шынығып дене өседи.
Илимди көп биледи,
Курсант оқып киятыр.

Олардың алған билими,
Халыққа берер тийимли.
Ҳуқық, нызам ҳәр күни,
Ҳаўа, суўдай зәрүрли,
Курсант оқып киятыр.

## *Милиционер қызға*

Қыз бала кийинсе ерлер кийимин,
Үстине жарасар барлық кийими,
Айрықша сезилер басқан қәдеми,
Пагоның ийниңе жарасқан сениң...

Барлық жумысларға тайын турасаң,
Қылмысты излесең бәрин табасаң.
Мақсетиң—халықтың тынышын сақласаң.
Пагоның ийниңе жарасқан сениң...

Үйдиң машқаласы сениң басыңда,
Түнлерде нәўбетши жумыс бабында,
Ашық болған жигит бәрине ырза,
Пагоның ийниңе жарасқан сениң...

Ҳәр бир ислериңе пуқта қарайсаң,
Шаққан, епшиллигиң менен саптасаң,
Машақатлы ис бабына таярсаң,
Пагоның ийниңе жарасқан сениң...

**Генжебай ЖҮГИНИСОВ.**
**Нөкис.**

**«АДАМ ҲӘМ НЫЗАМ»**

**ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎШИЛЕР; Қарақалпақстан Республикаси Прокуратурасы, Әдиллик Министрлиги ҳәм Ишки ислер Министрлиги.**

**Газета А-3 формасында нусқасы 12500**
583 буйыртпа менен басылды.
**Газета айына 3 мәртебе шығады.**

**Бас редактор** **Роза КӨБЕЙСИНОВА,**

**Редакцияның жәмийетлик кеңесгөйлери;**

Парахат **АЙТНИЯЗОВ,** Бахмурат **СЕЙТМУРАТОВ,** Батыр **МАТМУРАТОВ,** Халмурза **МАМУТОВ,** Фархад **НИЗАМОВ,** Азат **НУРЖАНОВ,** Жаңабай **САДЫҚОВ,** Жаңабай **ШЫЛМАНОВ,** Замира **ШАМУРАТОВА,** Ҳакимбай **ХАЛИМОВ.**

**Мәкан жайымыз;**
**Инд; 742000. Нөкис қаласы**
**Ғәрезсизлик көшеси №44 жай.**
**телефон; редактор; 4—47—59.**

**Басыўға рухсат етилген ўақты 15.00**
**Индекси пуқаралар ушын—321, кәрханалар ушын—322.**

**Баспасөз бойынша Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты.**